


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Aran** | : ..... | **Kelas / No. Absen** | : ..... |
| **Tanggal** | : ..... | **Angka** | : ..... |

### Tujuan Pembelajaran

Sawise maca crita **Jaka Kendhil**, kowe bisa:

1. nemtokake **wujud crita** rakyat Jaka Kendhil kanthi bener;
2. nganalisis **unsur-unsur intrinsik** (tema, paraga, watak, latar, alur, lan amanat);
3. njupuk **piwulang** saka crita kanggo uripmu saben dina.

### Petunjuk

1. Wacanen crita kanthi premati.
2. Garapen kabeh kegiatan.
3. Tulisen jawabanmu kanthi rapi.
4. Takon guru yen durung ngerti.

## Wacanen Crita Iki!

### Jaka Kendhil

Ing sawijining dhusun, manggon Mbok Randha Dadapan. Dheweke urip dhewekan ing gubug cilik. Saben dina Mbok Randha nyambut gawe ing pategalan. Sanajan wis tuwa, atine tansah sabar lan tlaten. Mung ana siji sing dadi pangarep-arepe, yaiku bisa duwe anak.

Saben bengi Mbok Randha ndedonga marang Gusti. Sawijining esuk, nalika ngaso ing pinggir kali, dheweke nemokake kendhil. Kendhil mau digawa mulih lan diselehake ing pojok gubug.

Bengi kuwi, Mbok Randha krungu swara saka jero kendhil, "Mbok, aku anakmu. Aku arep ngancani kowe." Mbok Randha kaget, nanging uga bungah banget. Kendhil mau bisa guneman lan mlaku-mlaku. Dheweke banjur diparingi jeneng **Jaka Kendhil**. Wiwit dina kuwi, Mbok Randha ora dhewekan maneh.



LIVEWORKSHEETS

Jaka Kendhil tuwuh dadi bocah sing bekti lan sregep nulungi ibune. Sawijining dina, dheweke kandha, "Mbok, aku kepengin nglamar putri ragil Raja." Mbok Randha kaget, "Le, awakmu mung kendhil. Mesthi Raja bakal nolak." Nanging Jaka Kendhil tetep mantep, nganti ibune gelem.

Esuke, Mbok Randha lunga menyang kraton. Raja lan putri-putrine ngguyu. Putri loro sing tuwa ngece, "Kendhil kok arep dadi bojone Putri!" Nanging Putri Ragil ora nesu. Dheweke mung meneng lan mesem. Raja banjur menehi syarat, "Ing alas ana **buta** gedhe sing ngrusak pategalan lan medeni wong dhusun. Yen anakmu bisa ngalahake buta kuwi, lamarane tak tampa."

Mbok Randha mulih kanthi sedhih. Jaka Kendhil mung kandha, "Mbok, aja sedhih. Ayo ndedonga, muga-muga Gusti paring dalan." Esuke, Jaka Kendhil nggawa teken lan mlebu alas. Buta gedhe metu karo nggereng, "Heh, bocah cilik! Wani-wanine mlebu alasku!" Jaka Kendhil ora wedi. Kanthi wani lan akal, dheweke nglawan nganggo tekene nganti buta mau kalah lan janji ora ngganggu wong maneh.

Jaka Kendhil bali menyang kraton lan Raja nepati janjine. Ing ngarepe Raja, kendhil mau pecah, lan metu jaka bagus rupane. Kabeh wong gumun. Putri Ragil bungah banget lan gelem dadi garwane. Putri loro sing tuwa isin lan getun amarga wis ngece.

Jaka Kendhil lan Putri Ragil urip rukun lan bagya mulya. Mbok Randha uga diboyong manggon ing kraton. Wiwit kuwi, Jaka Kendhil dadi pimpinan sing adil lan seneng nulungi wong cilik.

## 1 Kegiatan 1 • Wujud Crita

**Ayo Ngerti! Jinis Crita Rakyat**
**Dongeng** : crita khayalan (ora nyata), kanggo nglipur lan menehi piwulang.
**Legenda** : crita bab asal-usul panggonan utawa tokoh sing dianggep nate ana.
**Mite** : crita bab dewa, makhluk alus, utawa kapercayan sing dianggep suci.
**Fabel** : crita kanthi paraga kewan sing tumindak kaya manungsa.

**1.** Crita Jaka Kendhil kuwi karangan wujud apa? *(Centhangen)*

☐ Gancaran (prosa) ☐ Geguritan ☐ Tembang

**2.** Crita Jaka Kendhil kalebu **jinis crita rakyat** apa? *(Centhangen)*

☐ Dongeng ☐ Legenda ☐ Mite ☐ Fabel

**3.** Tulisen **alesanmu**, ngapa kowe milih jawaban nomer 2!

.....

.....



LIVEWORKSHEETS

## 2 Kegiatan 2 • Unsur-unsur Intrinsik

**a. Tema** (gagasan utama crita)

.....

.....

**b. Paraga lan Watak** (tokoh lan sifate)

**Pitulung watak:** sabar, tlaten, bekti, sregep, wani, mantep, nepati janji, galak, medeni, ngece, kalah.

| Paraga | Watak | Bukti (tumindak / ukara ing crita) |
|---|---|---|
| **Jaka Kendhil** | | |
| **Mbok Randha Dadapan** | | |
| **Raja** | | |
| **Buta** | | |

**c. Latar** (papan, wektu, lan swasana)

| | |
|---|---|
| **Papan (panggonan)** | |
| **Wektu** | |
| **Swasana** | |

**d. Alur** (urutane kedadeyan)

Urutna ukara-ukara ing ngisor iki miturut alur crita. Tulisen angka **1 – 5** ing kothak!

| | |
|---|---|
| | Jaka Kendhil ngalahake buta ing alas nganggo teken. |
| | Mbok Randha nemokake kendhil ing pinggir kali. |
| | Kendhil pecah, Jaka Kendhil dadi jaka bagus lan nikah karo Putri Ragil. |
| | Jaka Kendhil kandha yen kepengin nglamar putri ragil Raja. |
| | Raja menehi syarat supaya Jaka Kendhil ngalahake buta. |

**e. Amanat** (piwulang sing bisa dijupuk saka crita)

.....

.....

## Kegiatan 3 • Refleksi

**1.** Bagean crita sing paling kok senengi yaiku:

.....

**2.** Aku wis ngerti wujud crita lan unsur intrinsik crita rakyat. *(Centhangen)*

☐ Wis ngerti banget ☐ Rada ngerti ☐ Durung ngerti



LIVEWORKSHEETS